

**SINESTESIA BASA JAWI WONTEN ING RUBRIK CRITA RAKYAT
KALAWARTI DJAKA LODANG 2015**


E-JOURNAL SKRIPSI

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Minangka Jejangkeping Sarat
Anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan




Dening:
Novi Nur Utami
NIM 14205244010

Yogyakarta, 11 April 2018
Pembimbing,


Dra. Siti Mulyani, M. Hum.
NIP. 19620729 198703 2 002

Yogyakarta, 11 April 2018
Ketua Jurusan,


Prof. Dr. Suwardi, M. Hum.
NIP. 19640403 199001 1 004

**PROGRAM STUDI PENDDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSIAS NEGERI YOGYAKARTA
2018**

SINESTESIA BASA JAWI WONTEN ING RUBRIK CRITA RAKYAT KALAWARTI DJAKA LODANG 2015

JAVANESE LANGUAGE SYNESTHESIA IN THE RUBRIC OF FOLKLORES IN DJAKA LODANG MAGAZINE 2015

Dening: Novi Nur Utami, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta novinurutami@gmail.com

Saringing Panaliten

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken *sinestesia* basa jawi wonten ing rubrik crita rakyat kalawarti *Djaka Lodang* 2015. Ancasing panaliten inggih menika ngandharaken jinis *sinestesia*, *makna sinestesia*, saha ginanipun panganggening *sinestesia* ingkang dipunginakaken wonten ing crita rakyat kalawarti *Djaka Lodang* 2015. Panaliten menika kalebet jinis panaliten *deskriptif*. *Data* ing panaliten inggih menika tembung, frasa, saha klausa ingkang ngalami ewah-ewahan teges amargi wontenipun *pertukaran tanggapan* pancadriya ing crita rakyat kalawarti *Djaka Lodang* 2015. *Sumber data* ing panaliten inggih menika crita rakyat kalawarti *Djaka Lodang* 2015, crita rakyat ingkang dipunginakaken menika wonten 4 irah-irahan inggih menika *Arya Penangsang*, *Jaka Sangkrip*, *Raden Budog*, saha *Maliwis Putih*. *Teknik* anggenipun ngempalaken *data* ngginakaken cara maos saha nyerat. Pirantining panaliten inggih menika panaliti piyambak. Wondene caranipun nganalisis *data* ngginakaken *analisis deskriptif*. Cara ngesahaken *data* ngginakaken *validitas triangulasi teori saha validitas semantik kontekstual saha reliabilitas stabilitas*. Asiling panaliten inggih menika jinis *sinestesia*, *makna sinestesia* saha ginanipun panganggening *sinestesia* wonten ing crita rakyat kalawarti *Djaka Lodang*. Jinis *sinestesia* wonten ing crita rakyat kalawarti *Djaka Lodang* 2015 menika wonten sanga inggih menika *sinestesia* saking driya panggrayang dados driya pandulu, *sinestesia* saking driya pamireng dados driya pandulu, *sinestesia* saking driya pandulu dados driya pamireng, *sinestesia* saking driya pangraos dados driya pandulu, *sinestesia* saking driya pangganda dados driya pandulu, *sinestesia* saking driya panggrayang dados driya pamireng, *sinestesia* saking driya pangraos dados driya pamireng, *sinestesia* saking driya pangganda dados driya pamireng, saha *sinestesia* saking driya pangraos dados driya panggrayang. *Makna sinestesia* ingkang wonten ing crita rakyat kalawarti *Djaka Lodang* 2015 menika wonten tiga inggih menika *makna afektif*, *makna referensial*, saha *makna konotatif*. Ginanipun *sinestesia* ingkang wonten ing crita rakyat kalawarti *Djaka Lodang* 2015 menika wonten enem inggih menika kangge ngalusaken teges, nedahaken raos duka, nedahaken raos remen, nedahaken raos boten remen, kangge maringi gambaran, saha kangge nyangetaken teges.

Pamijining Tembung: *Sinestesia, Crita Rakyat, Kalawarti Djaka Lodang*.

Abstract

This research was aimed to describe the synesthesia of Javanese language in the rubric of folklores magazine Djaka Lodang 2015. The purpose of this study was to explain the type of synesthesia, the meaning of synesthesia, and synesthesia functions used in the rubric of folklore magazine Djaka Lodang 2015. This research was classified as descriptive research. The data in this research were words, phrases, and clauses that have changed in meaning because of the exchange of sense responses in the rubric of folklore magazine Djaka Lodang 2015. Sources of research data was rubric folklore magazine Djaka Lodang. The folklores were Arya Penangsang, Jaka Sangkrip, Raden Budog, and Maliwis Putih. Technique used to collect data was by reading and writing. The tool in this research was the researcher herself. The data was analyzed using descriptive analysis. The data were also validated using the validity of triangulation theory and the validity of contextual semantics.

Furthermore, the reliability used was reliability stability. The result of this research were the types of synesthesia, the meaning of synesthesia and the functions of synesthesia used in the rubric of folklore Djaka Lodang magazine 2015. There were nine types of synesthesia in the rubric of folklores in Djaka Lodang magazine 2015. They were the synesthesia from the sense of touch to the sense of sight, the synesthesia from the sense of hearing to the senses of vision, synesthesia from the senses of vision into the sense of hearing, the synesthesia of the sense of taste into the sense of sight, the synesthesia from the sense of smell to the sense of sight, the synesthesia from the sense of touch to the sense of hearing, the synesthesia from the sense of taste to the sense of hearing, the synesthesia from the sense of smell to the sense of hearing, and the synesthesia of the sense of taste into the sense of touch. There were three meaning of synesthesia in the rubric of folklores in Djaka Lodang magazine 2015. They were affective meanings, referential meanings, and connotative meanings. There were six functions of synesthesia in the rubric of folklores in Djaka Lodang magazine 2015. They were softening the meaning, showing the anger, showing the like, showing dislike, giving description, and emphasizing the meaning.

Keywords: synesthesia, folklore, Djaka Lodang magazine.

PURWAKA

Panganggenipun tembung ingkang dipunginakaken masarakat menika kathah sanget jinispun. Jinising tembung menika saged nuwuhaken *makna* ingkang langkung saking satunggal *makna*. Tembung ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken gagasan utawi informasi dening masarakat sanes asring nuwuhaken pamanggih ingkang beda-beda saben tiyang. Panganggenipun tembung kangge ngandharaken gagasan utawi *informasi* saged awujud basa lisan utawi basa seratan.

Pangripta anggenipun nyerat gagasan utawi *informasi* menika ngginakaken *diksi* utawi pamilihing tembung. Salah satungaling jinis *diksi* ingkang dipunginakaken kangge nyerat gagasan inggih menika *diksi indria*. *Diksi indria* inggih menika pamilihing tembung ingkang dipungayutaken kaliyan

pancadriya manungsa ingkang asring dipunsebat *sinestesia*. (Keraf, 1984:94-95). Miturut Suwatno (2001:57) *sinestesia* inggih menika ewah-ewahan teges ingkang dipundayani amargi *pertukaran tanggapan* antawisipun kalih driya ingkang beda kadosta saking driya panggrayang dhateng driya pamireng.

Sinestesia kathah dipunginakaken wonten ing karya sastra kangge nggambaraken pangraosipun satunggal tiyang. Satunggaling jinis *karya sastra* inggih menika *crita rakyat*. Cariyos *crita rakyat* wonten ing kalawarti *Djaka Lodang* 2015 kathah ngginakaken *sinestesia* kangge ngandharaken wosing cariyos supados langkung cetha saha saged dipunmangretosi kanthi sae.

Adhedhasar watesaning prakawis ingkang sampun dipunandharaken ing nginggil, wosing prakawis ingkang saged

dipunrembag kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. Menapa kemawon jinis *sinestesia* ingkang dipunginakaken wonten ing crita rakyat kalawarti *Djaka Lodang* 2015?
2. Menapa kemawon *makna sinestesia* wonten ing crita rakyat kalawarti *Djaka Lodang* 2015?
3. Menapa kemawon ginanipun *sinestesia* wonten ing crita rakyat kalawarti *Djaka Lodang* 2015?

Wonten panaliten menika nliiti bab *sinestesia*. Miturut Chaer (2009:136) ngandharaken *sinestesia* inggih menika teges wonten ing satunggaling tembung saged ewah amargi wontenipun *pertukaran tanggapan* pancadriya. Jumbuh kaliyan pamanggihipun Suwatno (2001:57) *sinestesia* inggih menika ewah-ewahipun teges amargi wontenipun *pertukaran tanggapan* pancadriya. *Sinestesia* ngkang dipuntliti inggih menika *sinestesia* ing salebeting crita rakyat kalawarti *Djaka Lodang* 2015. Danandjaja (1986:2) ngandharaken bilih crita rakyat minangka salah satunggaling perangan saking folklor. Folklor inggih menika kabudayaan *kolektif* ingkang dipunwarisaken kanthi cara *turun temurun* ingkang nyariosaken salah satunggaling kadadosan wonten ing kalangan masarakat wonten ing jaman rumiyin ingkang

dipunandharaken kanthi lisan utawi kanthi gerak isyarat saha asalipun saking satunggal daerah

CARA PANALITEN

Wonten panaliten menika ngginakaken cara panaliten *deskriptif*. Ancasing panaliten migunakaken panaliten *deskriptif* kangge ngandharaken tembung, frasa saha klausa ingkang ngewrat *sinestesia*. Prakawis ingkang dipunrembag wonten panaliten inggih menika jinis *sinestesia*, *makna sinestesia*, saha gina panganggening *sinestesia* wonten ing rubrik crita rakyat kalawarti *Djaka Lodang* 2015.

Data utawi *objek* panaliten menika awujud tembung, frasa saha klausa ingkang ngewrat *sinestesia*. Sumber data ing panaliten menika rubrik crita rakyat kalawarti *Djaka Lodang* 2015. Cara ngempalaken data ing panaliten inggih menika kanthi cara *metode simak* saha *teknik* catat ingkang salajengipun dipunserat ing kertu data. Sudaryato (1988:2), *metode simak* inggih menika cara kangge manggihaken data kanthi cara maos sumber data kanthi cermat saha teliti kangge manggihaken data ingkang dipunpadosi. *Teknik catat* inggih menika teknik nyerat utawa nyatet *data* wonten *kartu data* (Sudaryanto, 1988:4).

Pirantining panaliten ingkang dipunginakaken wonten panaliten inggih

menika panaliti piyambak (*human instrument*). Moleong (2013:9) ngandharaken *human instrument* inggih menika panaliti dados piranti panaliten, panaliti gadhah peran wonten ing kahanan penelitian saha nindakaken piyambak kegiatan panaliten kangge netepaken fokus panaliten, sumber *data*, ngempalaken *data*, *analisis data* saha paring dudutan saking asiling panaliten. Caranipun nganalisis data ingkang dipunginakaken wonten panaliten menika wonten kalih tataran, tataran ingkang sepisan inggih menika nyerat data wonten kertu data lajeng tataran ingkang nomer kalih nyerat data wonten tabel analisi data.

Caranipun ngesahaken *data* wonten panaliten menika ngginakaken *validitas ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN*

1. *Sinestesia* saking driya panggrayang (kulit) dados driya pandulu (netra).

a. *Sinestesia* saking driya panggrayang (kulit) dados driya pandulu (netra) ingkang ngewrat makna afektif.

(1) *Konteks*: Pethikan ukara ing ngandhap ngandharaken bilih Nyi Siti boten remen kaliyan Raden Budog amargi dipuntingali saking blegger awakipun katingal kados tiyang ingkang boten becik.

Apa maneh anggone kenal uga durung suwe, saya maneh menawa

trianggulasi teori, validitas semantik kontekstual saha reliabilitas stabilitas. Setiyadi (2006:33) *validitas triangulasi teori* inggih menika cara ngesahaken data kanthi ngempalaken data adhedhasar teori ingkang beda utawi nganalisis data ingkang sami kanthi teori ingkang beda.. Sudaryanto (1988:13-15) *validitas semantik kontekstual* inggih menika negesi data ingkang sampun kapanggihaken jumbuh kaliyan *konteks* ukaranipun. Salajengipun *data* ingkang ngewrat *sinestesia* kedah dipunpadosi ajegipun kanthi nginakaken *reliabilitas stabilitas*. *Reliabilitas stabilitas* inggih menika manggihaken ajegipun *interpretasi data* ingkang badhe dipuntliti gayut kaliyan wekdal panaliten (Sarwono, 2006:100).

kawaspadakake saka blegere awak, Raden Budog kuwi katon kaya wong ugal-ugalan lan kasar watake. Mula Nyi Siti kenceng banget anggone ngandhani Sri Poh Haci supaya ora nerusake sesambungane karo Raden Budog lan enggal ngedohi aja nganti ketemu maneh.
(DL/RB/wed.2/kaca.18)

Data (1) menika ngewrat *sinestesia* wonten pethikan ukara “*Raden Budog kuwi katon kaya wong ugal-ugalan lan kasar watake*”. Panganggening *sinestesia* saking driya panggrayang (kulit) dados driya pandulu (netra), katingal saking frasa “*kasar watake*”, tembung ‘*kasar*’ gadhah teges ‘*boten alus*’ ingkang sejatosipun

dipuntampi dening driya panggrayang (kulit), ananging saged dipuntampi dening driya pandulu (netra). Tembung ‘kasar’ menika dipungayutaken kaliyan tembung ‘watake’ ingkang tegesipun ‘*dhasaring bebuden*’, kanthi mekaten tembung ‘kasar’ sampun boten dipuntampi dening driya panggrayang (kulit) ananging sampun ewah dipuntampi dening driya pandulu (netra). Ukara “*..Raden Budog kuwi katon kaya wong ugal-ugalan lan kasar watake*” gadhah teges “*Raden Budog katingal kados tiyang ingkang gadhah dhasaring bebuden boten sae*”.

Sinestesia saking tembung ‘kasar’ ingkang kalebet *sinestesia* saking driya panggrayang (kulit) ugi ngewrat makna *sinestesia* inggih menika makna *afektif*. Tembung ‘kasar’ ingkang gadhah teges ‘*boten alus*’ saged ugi tegesipun ‘*wewatakan ingkang boten becik*’ menika satunggaling *reaksi* panutur tumrap *objek* ingkang dipunngendikakaken bilih tiyang ingkang ngendika menika gadhah raos boten remen kaliyan *objek* ingkang dipunngendikakaken. Wonten cariyos menika paraga Nyi Siti ingkang ngraosaken boten remen kaliyan *objek* pangandikanipun inggih menika Raden Budog.

Wondene gina panganggening tembung ‘kasar’ menika ginanipun kangge nedahaken raos boten remen dhateng *objek* ingkang dipunngendikakaken. Katingal

saking ukara Nyi Siti ingkang ngandharaken pamanggihipun babagan Raden Budog. Nyi Siti gadhah pamanggih bilih Raden Budog menika kados tiyang ugal-ugalan saha tiyang ingkang gadhah watak boten sae, mila Nyi Siti boten sarujuk menawi putrinipun Sri Poh Haci taksih nglajengaken sesambetan kaliyan Raden Budog saha Raden Budog dipundhawuhi boten kepanggih malih kaliyan Sri Poh Haci. Nyi Siti ugi boten remen kaliyan Raden Budog amargi nembe pitepangan ananging sampun gadhah sesambetan kaliyan putrinipun.

2. *Sinestesia* saking driya pamireng (talingan) dados driya pandulu (netra).

a. *Sinestesia* saking driya pamireng (talingan) dados driya pandulu (netra) ngewrat makna *referensial*.

(2) *Konteks* : Pethikan ukara wonten ing ngandhap nedahaken Raden Budog wungu saking sarenipun amargi wonten pang garing ingkang tiba ngenani awakipun.

Ora dingerteni saka ngendi asale, kanyata ana pang uwit ketapang garing tiba ngenani awake, amarga kena angin kang sumiyut ngenani pang garing mau. Ora kena diukur mangkele Raden Budog karo pang mau kang njalari badhare anggone ngimpi. (DL/RB/wed.50/kaca.18)

Data (2) ngewrat *sinestesia* wonten pethikan ukara “*..sumiyut ngenani pang garing mau..*”. Panganggening *sinestesia*

saking driya pamireng (talingan) dados driya pandulu (netra), katingal saking tembung ‘*sumiyut*’ kanthi teges ‘*nyuwara siyut-siyut*’ ingkang sejatosipun dipuntampi dening driya pamireng (talingan) ananging saged dipuntampi dening driya pandulu (netra) menawi tembung ‘*sumiyut*’ dipungayutaken kaliyan tembung ‘*ngenani*’ kanthi teges ‘*kena ing*’. Kanthi mekaten tembung ‘*sumiyut*’ sampun boten dipuntampi dening driya pamireng (talingan) ananging sampun ewah dipuntampi dening driya pandulu (netra). Ukara “..*sumiyut ngenani pang garing mau..*” tegesipun ‘*lumarap banter ngenani pang garing*’.

Wonten jinis *sinestesia* saking driya panggrayang (kulit) dados driya pandulu (netra) ingkang ngewrat makna *sinestesia* ingkang kalebet makna *referensial* menika katingal saking tembung ‘*adhem*’. Tembung ‘*sumiyut*’ gadhah *referensi* ‘*nyuwara siyut-siyut*’, lajeng ‘*ngenani*’ gadhah *referensi* ‘*kena ing*’, ananging wonten ukara ‘*sumiyut ngenani pang garing*’ tembung ‘*sumiyut*’ gadhah teges ‘*lumarap banter*’. Wondene gina saking tembung ‘*sumiyut*’ wonten pethikan ukara “..*sumiyut ngenani pang garing mau..*” Gadhah gina kangge maringi gambaran. Wonten ing ukara menika gadhah teges bilih angin lumarap banter ingkang ngenani pang garing

ingkang ndamel Raden Budog wungu saking sarenipun.

3. *Sinestesia* saking driya pandulu (netra) dados driya pamireng (talingan).

a. *Sinestesia* saking driya pandulu (netra) dados driya pamireng (talingan) ngewrat makna afektif.

- (3) *Konteks* : Pethikan pacelathon wonten ngandhap antawisipun Pangeran Bumidirja kaliyan Jasamudra. Pangeran Bumidirja ingkang nembe dipunbegal kaliyan Jasamudra.

“*Sumurupa aku iki Jasamudra dene kang ana mburiku iki Tarunasamudra.*” *Waleh-waleh apa aku sakanca iki bangsane begal. Saiki kowe milih bandha apa nyawa? Yen padha kepengin slamet, pasrahna gawanmu kuwi! Aku ngerti yen barang-barang kang kok gawa kuwi ana regane!*” ***wangsulane* Jasamudra tanpa *tedheng aling-aling.* (DL/JS/wed.4/kaca.18)**

Data (3) ingkang ngewrat *sinestesia* wonten pethikan ukara “...***wangsulane* Jasamudra tanpa *tedheng aling-aling***”. Panganggening *sinestesia* saking driya pandulu (netra) dados driya pamireng (talingan) katingal saking tembung ‘*tedheng*’. Tembung ‘*tedheng*’ ingkang tegesipun ‘*apa-apa sing dianggo tutup*’ sejatosipun dipuntampi dening driya pandulu (netra), ananging saged dipuntampi dening driya pamireng (talingan) menawi dipungayutaken kaliyan

tembung ‘*wangsulane*’ ingkang gadhah tegesi ‘*jawabane*’. Kanthi mekaten tembung ‘*tedheng*’ boten malih dipuntampi dening driya pandulu (netra) ananging sampun dipuntampi dening driya pamireng (talingan). Satemah pethikan ukara “...*wangsulane Jasamudra tanpa tedheng aling-aling*” tegesipun ‘*anggenipun Jasamudra mangsuli pitakenan saking Pangeran Bumidirja kanthi tegas*’.

Makna sinestesia ingkang wonten salebetipun sinestesia ‘*wangsulane Jasamudra tanpa tedheng aling-aling*’ inggih menika makna afektif. Makna afektif inggih menika makna ingkang nedahaken wontenipun reaksi utawi tanggapan satunggaling tiyang saksampunipun satunggaling tiyang kalawau mireng, pirsu utawi maos satunggaling prakawis. Katingal saking pethikan ukara ‘*wangsulane Jasamudra tanpa tedheng aling-aling*’, wonten pethikan ukara menika nedahaken bilih paraga Jasamudra menika paring tanggapan dhateng mitra tuturipun Pangeran Bumidirja ingkan dipunbegal amargi sampun ndamel duka Jasamudra kanthi wangsulane tegas. Panganggening tembung ‘*wangsulane Jasamudra tanpa tedheng aling-aling*’ menika gadhah gina kangge nedahaken raos duka. Bilih paraga Jasamudra wonten cariyos duka kaliyan Pangeran Bumidirja katingal saking reaksi

Jasamudra ingkang mangsuli kanthi tegas pawicantenan saking Pangeran Bumidirja ingkang badhe dipunbegal.

4. Sinestesia saking driya pangraos (ilat) dados driya pandulu (netra).

a. Sinestesia saking driya pangraos (ilat) dados driya pandulu (netra) ngewrat makna referensial.

- (4) Konteks : Pethikan ukara ing ngandhap nedahaken Raden Budog ingkang dumugi ing Pesisir Cawar mangretosi banyu ingkang bening lajeng Raden Budog ambyur.

Ora sranta, cancut tali wanda, si Raden langsung wae ambyur ana banyu kang bening katon seger banget lan katon eba bungahe ngrasakake kahanan mau. Awak kang krasa lungkrah, lesu, lan pegel ilang sanalika sinaput ing segere pikirane, siniram banyu bening ing kisiking pesisir Cawar. (DL/RB/wed.52/kaca.18)

Data (4) ngewrat sinestesia wonten pethikan ukara “...*si Raden langsung wae ambyur ana banyu kang bening katon seger banget...*”. Panganggening sinestesia saking driya pangraos (ilat) dados driya pandulu (netra) katingal saking tembung ‘*seger*’. Tembung ‘*seger*’ kanthi teges ‘*krasa enak asumnyah*’ sejatosipun dipuntampi dening driya pangraos (ilat), ananging saged dipuntampi dening driya pandulu (netra) menawi dipungayutaken kaliyan tembung ‘*bening*’ kanthi teges ‘*ora buthek*’. Kanthi mekaten tembung ‘*seger*’ sampun boten dipuntampi

dening driya pangraos (ilat), nanging sampun ewah dipuntampi dening driya pandulu (netra). Ukara "...si Raden langsung wae ambyur ana **banyu kang bening** katon **seger** banget.." gadhah teges 'Raden Budog lajeng ambyur ing banyu ingkang kepanak dipunsawang utawi ngresepake amargi katon bening'.

Wonten *sinestesia* saking driya pangraos (ilat) dados driya pandulu (netra) ingkang ngewrat makna *sinestesia* inggih menika makna *referensial* katingal saking tembung 'seger' gadhah referensi 'krasa enak asumnyah', lajeng 'bening' gadhah referensi 'ora buthek', ananging wonten ukara 'banyu kang bening katon seger' tembung 'seger' gadhah teges 'kepanak dipunsawang utawi ngresepake'. Wondene gina tembung 'seger' wonten ukara 'Ora sranta, cancut tali wanda, si Raden langsung wae ambyur ana **banyu kang bening** katon **seger** banget lan katon eba bungahe ngrasakake kahanan mau...' inggih menika kangge nedahaken raos remen dhateng toya ingkang bening satemah ngresepake wonten ing pandelengipun Raden Budog satemah jalari Raden Budog ambyur.

5. *Sinestesia* driya pangganda (grana) dados driya pandulu (netra).

a. *Sinestesia* saking driya pangganda (grana) dados driya pandulu (netra) ngewrat makna *referensial*.

- (5) *Konteks* : Pethikan ukara ing ngandhap nedahaken Jaka Gehug ingkang nembe ndamel sewakan kangge madosi iwak kanthi cara dipunsukani pakan iwak ingkang awujud kuningan endhog bebek utawi endhog pitik.

*Ing jero sewakan diwenehi **pakan iwak sing amis-amis** kaya kuningan endhog bebek utawa endhog pitik. Biasane iwak sing seneng amis-amisan kaya lele, deleg, utawa pelus, apadene sidhat ketarik kanggo mlebu sewakan. Menawa dirasa ing jero sewakan wis dienggoni iwak mula banjur bolongane ditableg lan sewakane ditawu kanggo nyekel iwake.(DL/MP/wed.22/kaca.18)*

Data (5) ngewrat *sinestesia* wonten tembung 'amis-amis' ingkang nedahaken panganggening *sinestesia* saking driya pangganda (grana) dados driya pandulu (netra), katingal saking ukara "Ing jero sewakan diwenehi **pakan iwak sing amis-amis** kaya kuningan endhog bebek utawa endhog pitik...". Tembung 'amis-amis' gadhah teges 'ambu kaya denen ambuning iwak' ingkang sejatosipun dipuntampi dening driya pangganda (grana), ananging saged dipuntampi dening driya pandulu (netra) menawi 'amis-amis' dipungayutaken kaliyan tembung 'pakan iwak' ingkang gadhah teges 'panganan sing dipangan iwak', kanthi mekaten tembung 'amis-amis' sampun boten dipuntampi dening driya pangganda (grana) ananging sampun ewah dipuntampi dening driya pandulu (netra).

Satemah ukara “*Ing jero sewakan diwenahi pakan iwak sing amis-amis kaya kuningan endhog bebek utawa endhog pitik..*” gadhah teges ‘*ing jero sewakan diwenahi panganan iwak ingkang mambu bacin saha wujudipun panganan kadosta kuningan endhog bebek utawa endhog pitik*’.

Sinestesia saking tembung ‘*pakan iwak*’ gadhah makna *sinestesia* inggih menika makna *referensial*. Tembung ‘*pakan iwak*’ gadhah *referensi* ‘*panganan iwak*’, lajeng ‘*amis-amis*’ gadhah *referensi* ‘*ambu kaya dene ambuning iwak*’, ananging wonten ukara ‘*pakan iwak sing amis-amis*’ tembung ‘*amis-amis*’ gadhah teges ‘*ambu bacin*’. Panganggening tembung ‘*amis-amis*’ wonten ukara “*Ing jero sewakan diwenahi pakan iwak sing amis-amis kaya kuningan endhog bebek utawa endhog pitik..*” ginanipun kangge maringi gambaran. Tembung ‘*amis-amis*’ wonten ukara menika ginanipun kangge maringi gambaran bilih tembung *amis* menika wujud panganan iwak ingkang ambunipun bacin saha wujud panganan-panganan menika kadosta kuningan endhog bebek saha endhog pitik.

6. *Sinestesia* saking driya panggrayang (kulit) dados driya pamireng (talingan).

a. *Sinestesia* saking driya panggrayang (kulit) dados driya

pamireng (talingan) ingkang ngewrat makna afektif.

- (6) *Konteks* : Petikan pacelaton menika antawisipun Damarmaya kaliyan Ngabehi Honggowangsa. Damarmaya ingkang duka kaliyan Ngabehi Honggowangsa saksampunipun Ngabehi Hnggowangsa nantang Damarmaya.

“*Heh Damarmaya, pasraha bongkokan aneng ngarepku! Dina iki kowe dak banda, dak sowanake Ing Mataram!*” panantange Ngabehi Honggowangsa. “*Bisa nyowanake aku ing Kartasura lamun wus ilang nyawaku!*” **wangsulane atos**. “*kelakon dadi pengewan-ewan kowe damarmaya! Majua legane atiku!*”. (DL/JS/wed.14/kaca.18)

Data (6) ngewrat *sinestesia* wonten pethikan ukara “...*“Bisa nyowanake aku ing Kartasura lamun wus ilang nyawaku!” wangsulane atos...*”. Panganggening *sinestesia* saking driya panggrayang (kulit) dados driya pamireng (talingan), katingal saking tembung ‘*atos*’. Tembung ‘*atos*’ ingkang sejatosipun dipuntampi dening driya panggrayang (kulit) kanthi teges ‘*ora empuk*’ ananging wonten ukara “...*“Bisa nyowanake aku ing Kartasura lamun wus ilang nyawaku!” wangsulane atos...*” dipuntampi dening driya pamireng (talingan) amargi tembung ‘*atos*’ dipungayutaken kaliyan tembung ‘*wangsulane*’ kanthi teges ‘*omongane, pangandikane*’. Kanthi mekaten tembung ‘*atos*’ sampun boten dipuntampi dening

driya panggrayang (kulit) ananging sampun ewah dipuntampi dening driya pamireng (talingan). Ukara “..*“Bisa nyowanake aku ing Kartasura lamun wus ilang nyawaku!” wangsulane atos...*” gadhah teges ‘*wangsulane Darmamaya kanthi swara nyerikake*’.

Makna sinestesia ingkang wonten salebetipun *sinestesia* ‘*wangsulane atos*’ menika *makna afektif*. Makna ingkang nedahaken wontenipun *reaksi* utawi *tanggapan* satunggaling tiyang saksampunipun satunggaling tiyang kalawau mireng, pirsu utawi maos satunggaling prakawis. Katingal saking pethikan ukara “..*Bisa nyowanake aku ing Kartasura lamun wus ilang nyawaku!” wangsulane atos...*”, wonten pethikan ukara menika nedahaken bilih paraga Damarmaya menika paring *tanggapan* dhateng mitra tuturipun saksampunipun dipuntantang Ngabehi Honggawangsa piyambakipun lajeng mangsuli kanthi swanten ingkang nyerikake. Panganggening tembung ‘*wangsulane atos*’ menika gadhah gina kangge nedahaken bilih paraga Damarmaya wonten cariyos ngraosaken duka kaliyan Ngabehi Honggawangsa. Katingal saking tetembungan ingkang dipunginakaken inggih menika tembung ‘*atos*’ ingkang gadhah teges ‘*wangsulang ingkang nyeriake*’.

7. *Sinestesia* saking driya pangraos (ilat) dados driya pamireng (talingan).

a. *Sinestesia* saking driya driya pangraos (ilat) dados driya pamireng (talingan) ingkang ngewrat makna afektif.

(7) *Konteks* : Pethikan pacelathon ing ngandhap antawisipun Jaka Gedug kaliyan Maliwis Putih ingkang ngrembag babagan tembang maskumambang. Jaka Gedrug banjur nembang ingkang saged ndamel luh medal saking netranipun Maliwis Putih.

“Tembang Maskumambang iku rak tembange ati sedhih ta Kang?” “Bener, ning bias uga kanggo nggambarake kahanan supaya luwih nges, luwih nabet ati,” “Iya Kang, coba tembangna,” “Iya rungokna,” “Ya,”

“Ngalor ngulon abure Maliwis Putih

Muluk angumbara

Awor klawan mega putih

Menyang ing Bojonegoro....

Jaka Gedhug ura-ura sero, swarane enak rinungu, nganyut-anyut, gawe trenyuhing ati. Tanpa rinasa ana luh metu saka pepadon mripate Maliwis Putih.

(DL/MP/wed.24/kaca.18)

Data (7) menika ngewrat *sinestesia* wonten pethikan ukara “...*swarane enak rinungu, nganyut-anyut, gawe trenyuhing ati. Tanpa rinasa ana luh metu saka pepadon mripate Maliwis Putih*”. Panganggening *sinestesia* saking driya pangraos (ilat) dados driya pamireng (talingan) , katingal saking klausa

“*swarane enak rinungu*”, tembung ‘*enak*’ gadhah teges ‘*eca*’ ingkang sejatosipun dipuntampi dening driya pangraos (ilat) dados driya pamireng (talingan). Tembung ‘*enak*’ menika dipungayutaken kaliyan tembung ‘*swarane*’ ingkang tegesipun ‘*kedhering hawa sing tinaman ing pangrungu*’, kanthi mekaten tembung ‘*seger*’ sampun boten dipuntampi dening driya pangraos (ilat) ananging sampun ewah dipuntampi dening driya pamireng (talingan). Ukara “...*swarane enak rinungu, nganyut-anyut, gawe trenyuhing ati. Tanpa rinasa ana luh metu saka pepadon mripate Maliwis Putih*” gadhah teges ‘*swantenipun Jaka Gedug damel remen tiyang ing mireng, satemah ndamel trenyuhing manahipun Maliwis Putih*’.

Sinestesia saking tembung ‘*enak*’ ugi ngewrat makna *sinestesia* inggih menika makna *afektif*. Tembung ‘*seger*’ ingkang gadhah teges ‘*eca*’ saged ugi tegesipun ‘*nyenengake pangrasa tiyang*’ menika satunggaling *reaksi* mitra tuturipun bilih tiyang ingkang mireng menika gadhah raos remen kaliyan swantenipun mitra tuturipun. Wonten cariyos menika paraga Maliwis Putih ingkang ngraosaken remen kaliyan swantenipun Jaka Gedug anggenipun tetembangan. Wondene gina panganggening tembung ‘*seger*’ menika ginanipun kangge nedahaken raos remen dhateng *mitra tutur*. Katingal saking pacelathon antawisipun Jaka Gedug

kaliyan Maliwis Putih. Maliwis Putih ingkang remen kaliyan swantenipun Jaka Gedug amargi saged ndamel trenyuhing manahipun Maliwis Putih saha ndamel eluh medal saking pepadon mripatipun Maliwis Putih.

8. *Sinestesia* saking driya pangganda (grana) dados driya pamireng (talingan).

a. *Sinestesia* saking driya pangganda (grana) dados driya pamireng (talingan) ingkang ngewrat makna afektif.

(8) *Konteks* : Pethikan pacelathon ing ngandhap nedahaken emban keputren ing saweg mireng swanten tetembangan Maliwis Putih. Emban keputren banjur padha jenggilengan madosi swanten kalawau.

Angrungu tetembangan sing swarane arum lan ndudut ati para emban keputren Bojonegoro padha ngungun. Mula banjur padha jenggilengan, nggolekipapan sumber swara. Luwih gumun manih nalika ngerti menawa sumbere swara jebul saka Maliwis Putih sing pethangkringang ing pang uwit nagasari. (DL/MP/wed.26/kaca.18)

Data (8) menika ngewrat *sinestesia* wonten pethikan ukara “*Angrungu tetembangan sing swarane arum lan ndudut ati para emban keputren Bojonegoro padha ngungun...*”. Panganggening *sinestesia* saking driya pangganda (grana) dados driya pamireng (talingan), katingal saking klausa

“*swarane arum lan ndudut ati*”, tembung ‘*arum*’ gadhah teges ‘*wangi*’ ingkang sejatosipun dipuntampi dening driya pangganda (grana) dados driya pamireng (talingan). Tembung ‘*arum*’ menika dipungayutaken kaliyan tembung ‘*swarane*’ ingkang tegesipun ‘*kedhering hawa sing tinampan ing pangrungu*’, kanthi mekaten tembung ‘*arum*’ sampun boten dipuntampi dening driya pangganda (grana) ananging sampun ewah dipuntampi dening driya pamireng (talingan). Ukara *Angrungu tetembangan sing swarane arum lan ndudut ati para emban keputren Bojonegoro padha ngungun...*” gadhah teges ‘*swantenipun Maliwis Putih sareh lan manis satemah ndudut manahipun emban keputren Bojonegoro*’.

Sinestesia saking tembung ‘*arum*’ ugi ngewrat makna *sinestesia* inggih menika makna afektif. Tembung ‘*arum*’ ingkang gadhah teges ‘*wangi*’ saged ugi tegesipun ‘*alon saha manis ingkang saged ndudut manahipun tiyang*’ menika satunggaling *reaksi* mitra tuturipun bilih tiyang ingkang mireng menika gadhah raos remen kaliyan swantenipun mitra tuturipun. Wonten cariyos menika paraga emban keputren Bojonegoro ingkang ngraosaken remen kaliyan swantenipun Maliwis Putih. Wondene gina saking panganggening tembung ‘*arum*’ menika kangge nyangetaken teges. Tambung

‘*arum*’ dipunginakaken kangge nyangetaken teges bilih ingkang arum menika tetembungan ingkang dipunginakaken kangge nedahaken swantenipun Maliwis Putih ingkang sareh saha manis, sanes ‘*arum*’ kanthi teges tetembungan ingkang wangi.

9. *Sinestesia* saking driya pangraos (ilat) dados driya panggrayang (kulit).

a. *Sinestesia* saking driya driya pangraos (ilat) dados driya panggrayang (kulit) ngewrat makna referensial.

- (9) *Konteks*: Pethikan ukara ing ngandhap nedahaken kahanan panasing srengenge saha angin ingkang sumilir saha ocehing podhang ingkang nembe pencokan ingkang ngebeki kahanan alun-alun Kraton Bojonegoro.

Wayaha wis panas srengenge gumatel. Pratanggapati sumunar kencar kencar ngebeki jembare pababatan. Angin midid sumilir maratakake hawa seger maweh lejaring jiwa. Ocehing podhang kang pencokan ing pange Celung mbarengi gemrengenge swara nayaka miwah kawula kang andher ngebeki alun-alun Kraton Bojonegoro.
(DL/MP/wed.29/kaca.18)

Data (9) menika ngewrat *sinestesia* wonten tembung ‘*seger*’. Panganggening *sinestesia* saking driya pangraos (ilat) dados driya panggrayang (kulit) katingal saking ukara “*.Angin midid sumilir maratakake hawa seger maweh lejaring*

jiwa..”. Tembung ‘*seger*’ gadhah teges ‘*krasa enak asumyah*’ ingkang sejatosipun dipuntampi dening driya pangraos (ilat) ananging saged dipuntampi dening driya panggrayang (kulit) amargi dipungayutaken kaliyan tembung ‘*maratakake*’ ingkang gadhah teges ‘*wis sumebar ana ing ngendi-ngendi*’. Kanthi mekaten tembung ‘*seger*’ sampun boten dipuntampi dening driya pangraos (ilat) ananging sampun ewah dipuntampi dening driya panggrayang (kulit) amargi ukara “..*Angin midid sumilir maratakake hawa seger maweh lejaring jiwa..*” gadhah teges ‘*angin midid sumilir maratakake hawa ingkang kepenak wonten kulit*’.

DUDUTAN SAHA PAMRAYOGI

Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan gayut kaliyan *sinestesia* basa jawi wonten ing rubrik crita rakyat salebetipun kalawarti Djaka Lodang 2015 pramila saged dipunpendet dudutan. Jinis *sinestesia* ing rubric crita rakyat kalawarti Djaka Lodang 2015 wonten sanga inggih menika *sinestesia* saking driya panggrayang (kulit) dados driya pandulu (netra), *sinestesia* saking driya pamireng (talingan) dados driya pandulu (netra), *sinestesia* saking driya pandulu (netra) dados driya pamireng (talingan), *sinestesia* saking driya pangraos (ilat) dados driya pandulu (netra), *sinestesia* saking driya

Sinestesia saking ‘*maratakake hawa seger*’ menika ngewrat makna *sinestesia* inggih meika makna referensial. Tembung ‘*maratakake*’ gadhah referensi ‘*wis sumebar ana ing ngendi-ngendi*’, lajeng ‘*seger*’ gadhah referensi ‘*krasa enak asumyah*’, ananging wonten ukara ‘*maratakake hawa seger*’ tembung ‘*seger*’ gadhah teges ‘*dipunraosaken kepenak tumrap kulit*’. Wondene gina saking panganggening tembung ‘*seger*’ menika kangge maringi gambaran. Tembung ‘*seger*’ dipunginakaken kangge maringi gambaran bilih ingkang seger menika angin ingkang sumilir.

pangganda (grana) dados driya pandulu (netra), *sinestesia* saking driya panggrayang (kulit) dados driya pamireng (talingan), *sinestesia* saking driya pangraos (ilat) dados driya pamireng (talingan), *sinestesia* saking driya pangganda (grana) dados driya pamireng (talingan), saha *sinestesia* saking driya pangraos (ilat) dados driya panggrayang (kulit).

Makna *sinestesia* ingkang dipunginakaken ing rubrik crita rakyat salebetipun kalawarti Djaka Lodang 2015 wonten tiga inggih menika makna *afektif*, makna *referensial*, saha makna *konotatif*. Ginanipun panganggening *sinestesia* ing rubrik crita rakyat salebetipun kalawarti Djaka Lodang 2015 wonten enem inggih menika kangge ngalusaken teges, kangge

nedahaken raos duka, kangge nedahaken raos remen, kangge nedahaken raos boten remen, kangge maringi gambaran, saha kangge nyangetaken teges.

Implikasi

Panaliten menika saged nambah seserepan bab ngelmu basa dhateng para maos. Seserepan ngelmu basa menika mliginipun babagan *sinestesia* salebetipun karya sastra ingkang awujud crita rakyat. Panaliten menika saged paring *kontribusi* kangge paraga pawiyatan babagan ewahipun *makna* mliginipun pamulangan ngengingi prakawis *sinestesia*.

Pamrayogi

Panaliten menika winates nlihi babagan jinis *sinestesia*, *makna sinestesia*, saha ginanipun *sinestesia* kemawon, satemah prelu dipuntindakaken panaliten sanesipun kadosta lelawaning basa, *diksi* indria saha sanesipun. Panaliten babagan *sinestesia* prelu dipuntlitih malih, *objek kajian sinestesia* menika boten winates ing crita rakyat, cerbung, saha novel ananging saged dipunpanggihaken wonten salebetipun pawicantenan *langsung*,

geguritan, cerkak utawi karya sastra sanesipun.

KAPUSTAKAN

- Chaer, Abdul. 2009. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Danandjaja, James. 1986. *Folklor Indonesia*. Jakarta: Pustaka Grafitipers.
- Moleong. Lexy J. 2013. *Metodelogi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya Bandung.
- Sarwono, John. 2006. *Metode Penelitian Kualitatif dan Kuantitatif*. Yogyakarta: Penerbit Graha Ilmu.
- Setiyadi, AG. Bambang. 2006. *Metode Penelitian Untuk Pengajaran Bahasa Asing. Pendekatan Kuantitatif dan Kualitatif*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Sudaryanto. 1986. *Metode Linguistik: Ke Arah Memahami Linguistik*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- . 1988. *Metode dan Aneka Teknik Pengumpulan Data*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Suwatno, Edi. 2001. *Sinestesia Sebuah Metafora Dalam Bahasa Jawa*. Yogyakarta: BBY.
- Zaidan, Abdul Rozak. 1991. *Kamus Istilah Sastra*. Jakarta: Balai Pustaka.